

Fliyò

nan Konte Miami-Dade




Poukisa Miami-Dade mete fliyò nan dlo potab?

- Konte Miami-Dade abitye ajoute fliyò nan dlo depi an 1958 kòm yon dispozisyon sante pou anpeche timoun ak adiit gen kari dantè, pandan li ap suiv konsèy dantis ak espesyalis medikal.

Èske fliyò san danje?

- Fliyò se yon mineral ki natirèlman nan dlo e menm nan aliman.
- Dlo Konte Miami-Dade genyen fliyò ladan li natirèlman a yon nivo apeprè 0.2 mg/L. Nou ajiste li a 0.7 mg/L pou reponn a nivo espesyalis sante rekòmande pou pwoteje sante dantè.
- Anyen pa montre ke nivo fliyò ki nan dlo Miami-Dade a danjere pou fanm ansent oswa pou tibebe ki fèk fèt.

NIVO FLIYÒ NAN DLO POTAB MIAMI-DADE



Espesyalis rekòmande li

Pratik sa a ki rele fliyorasyon an, asosyasyon pwofesyonèl sante ak espesyalis medikal tankou Asosyasyon Dantè Ameriken (ADA), ak Akademi Amerikèn Pedyatri (AAP) rekonèt li san danje e efikas.

Kòman dlo fliyore pwoteje sante nou?

- Li ede fè prevansyon kont kari dantè pandan li ap ranfòse dan ki an devlopman ak dan ki fin devlope e menm ranvèse kavite ki fèk fòmè.
- Li asire ke tout fanmi jwenn aksè a fliyò pou pwoteje dan yo, sitou moun ki pa gen mwayen pou yo pran asirans dantè byen chè oswa swen regilye byen chè.

Kisa ki va rive si nou sispann mete fliyò nan dlo nou?

- Sa ka lakoz domaj toutbon vre ki va dire lontan, sitou pou timoun vilnerab ak fanmi vilnerab ki pa gen mwayen pou yo ale kay dantis yon fason regilè.
- Plis timoun va gen move ijyèn oral e menm ijans dantè, ki va lakoz yo pèdi jou lekòl e gen pwoblèm pou yo konsantre akòz doulè nan dan.
- Plis paran va oblije pran jou pou yo pa ale travay e fanmi ki deja gen difikilte va fè fas a lòt presyon finansyè anplis.
- Konsekans yo ale pi lwen pase tou senpleman kari dantè – sante oral gen rapò sere avèk sante an jeneral. Pwoblèm dantè ogmante risk pou lòt maladi, soti nan maladi kadyovaskilè rive nan dyabèt.

Sispansyon fliyorasyon nan kèk lòt kominote te koze domaj ki dire lontan.

Konte Pinellas (Florid), Buffalo (New York) ak Calgary (Canada) te eseye mete fen a fliyorasyon. Kisa ki te rive?


- Yo te remake yon deteryorasyon nan sante dantè ak yon ogmantasyon nan kari dantè ak nan vizit dijans kay dantis.
- Yo retounen avèk fliyorasyon dlo lè yo te vin wè konsekans yo, e sa te koute byen chè, e pou sante piblik e pou lajan kontribyab yo.
- Vil Buffalo ap goumen kont yon pousuit legal kolektif plizyè paran timoun ki gen pwoblèm dantè, yon bagay ki ka koute kontribyab vil la plis pase \$160 milyon.

Mit fas a Reyalyte

Fliyò

Mit

Dlo fliyore afekte sante timoun, li afekte devlopman yo, li bese kosyan entèlektyèl yo (IQ) epi li lakoz pwoblèm defisyans atansyon ak ipè-aktivite (ADHD).




Reyalyte

Plizyè etid sou sante montre pa gen okenn move efè sou kosyan entèlektyèl (IQ) oswa sou sante devlopman a nivo rekòmande 0.7 mg/L la.

Plizyè etid ki lye kosyan entèlektyèl (IQ) fèb timoun avèk nivo elve ekspozisyon a fliyò te fèt avèk kèk to ki apeprè de fwa kantite fliyò nou jwenn nan sistèm dlo Miami-Dade la ak nan sistèm dlo lòt minisipalite.

Mit

Fliyò se yon pwodui chimik toksik.



Reyalyte

Fliyò se yon mineral ki natirèlman nan dlo e menm nan sèten aliman.

Pa gen okenn prèv ke fliyò afekte konpòtman, kapasite entèlektyèl oswa sante global okenn moun, lè moun konsome li a nivo fèb.

Mit

Fliyò se yon medikaman ke yo administre an mas san konsantman piblik la.



Reyalyte

Fliyò se yon nitriman, pa yon medikaman. Menm jan ak vitamin D nan lèt oswa yòd nan sèl, li ede amelyore sante.

Mit

Fliyò se yon medikaman ke yo administre an mas san konsantman piblik la.



Reyalyte

Nou bezwen toulede!

Fliyò nou jwenn nan sèten pat dantifris ranfòse dan yo ki deja prezan nan bouch la, sa rann yo pi rezistan.

Fliyò nan dlo potab ede devlope dan solid, sitou pami timoun piti paske dan yo toujou an devlopman.

Mit

Fliyò nan dlo tiyo danjere pou ti bebe ki poko gen 6 mwa oswa ki nan vant.



Reyalyte

Anyen pa pwouve nivo fliyò ki nan dlo Miami-Dade la kòm yon bagay ki danjere pou fanm ansent oswa tibebe yo. Epi, fliyorasyon ede fè prevansyon kont kari dantè kay timoun ak ti bebe epi li ranfòse dan yo ki ap devlope.